



Pou Piblikasyon Imedya: 06/03/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**NAN KONTRANDI SOU NOUVO CORONAVIRUS LA, GOUVÈNÈ CUOMO
KONFIME 11 KA ADISYONÈL - KI BAY YON TOTAL 33 ATRAVÈ ETA A**

Nouvo Ka yo Enkli 8 nan Westchester, 2 nan Rockland ak 1 nan Vil New York

Inite Operasyonèl Entè-enstitisyon NYS la Kontinye Kowòdone ak Gouvènman Lokal ak Patnè Swen Sante yo pou Kontwole epi Reponn ak Deklanchman Coronavirus la

Gouvènè Cuomo: "M ap ankouraje rete kalm. M ap ankouraje reyalite. M ap ankouraje yon repons reyèl ki opoze ak yon repons emosyonèl".

Pandan yon kontrandi sou nouvo Coronavirus la, jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te konfime 11 ka adisyonèl Coronavirus, sa ki rann yon total 33 ka konfime nan Eta New York. Pami nouvo ka yo idantifye depi yè yo, uit nan yo sitiye nan Konte Westchester, de sitiye nan Konte Rockland e youn sitiye nan Vil New York.

Nan total 33 moun tès yo te pozitif pou viris la, repatisyon jewografik yo se konsa:

- Konte Nassau: 1
- Konte Rockland: 2
- Vil New York: 4
- Konte Westchester: 26

"Byenke nivo risk jeneral coronavirus la nan New York rete ba, mwen vle pou Moun New York yo konnen ke m ap ankouraje rete kalm. M ap ankouraje reyalite. M ap ankouraje yon repons ki reyèl ki opoze ak yon repons emosyonèl", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nan New York, nou gen sistèm swen sante ki pi sofistike sou tè a, e n ap kontinye priyoreze tès, pwotokòl karantèn ak swivi kontwòl pou kenbe Nouyokè yo an sekirite."

Anplis, Gouvènè a te anonse ke yon inite operasyonèl entè-enstitisyon Eta New York ap kontinye kolabore ak gouvènman lokal yo ak patnè swen sante yo pou kontwole epi reponn ak deklanman coronavirus la. Manm ki nan Inite Operasyonèl la yo gen ladan:

- Linda Laceywell, Sipèrentandan, Depatman Sèvis Finansye
- Dr. Howard Zucker, Delege, Depatman Sante
- Melissa DeRosa, Sekretè Gouvènè a
- Beth Garvey, Avoka Espesyal

- Gareth Rhodes, Sipèrentandan Adjwen, Depatman Sèvis Finansye
- Simonida Subotic, Sekretè Adjwen pou Devlopman Ekonomik
- Kelly Cummings, Direktris Operasyon ak Enfrastrikti Eta a
- Michael Kopy, Direktè Jesyon Ijans
- Patrick Murphy, Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services)
- RoAnn Destito, Delege Biwo Sèvis Jeneral (Office of General Services)
- Pat Foye, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral MTA
- Rick Cotton, Direktè Ekzekitif Otorite Pòtyè New York ak New Jersey (Port Authority of New York and New Jersey)
- Dan Fuller, Sekretè Adjwen pou Edikasyon
- Sandra Beattie, Direktè Adjwen, Divizyon Bidjè

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)